



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/17/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN KONPREYANSIF SIS ETAP POU KONBAT VIRIS ZIKA**

*Plan Aksyon Zika pwo-aktivman limite posib deklanchman moustik lokal yo kap kòmanse transmèt Viris la*

*Eta te distribye 100,000 konprime Larvicide pou elimine Zika apati de sous li*

*Eta ap deplwaye pyèj moustik nan rejyon pati sid eta pou idantifye, kontwole ak siprime posib transmisyon Zika*

*Gouvènè a Lanse Kanpay Sansibilizasyon Piblik ak sitwèb [www.ny.gov/Zika](http://www.ny.gov/Zika)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon plan daksyon konpreyansif sis etap pou konbat posib transmisyon viris Zika nan kominote yo nan Eta a. Plan Gouvènè a sible viris la nan sous– moustik Aedes – avèk pyèj amelyore ansanm avèk tès toupato nan tout rejyon pati sid eta. Pati enpòtan nan plan gen ladan distribisyon tablèt larvicide pou rezidan yo ki nan zòn ki posiblerman afekte pa Zika, bay twous pwoteksyon Zika pou fanm ki ansente yo, lanse yon kanpay sansibilizasyon nan tout eta, epi ransable yon ekip repons rapid sizoka yo konfime yon enfeksyon pa moustik Aedes.

Kalite moustik Aedes ki aktif nan New York poko konfime ke li ka transmèt viris Zika, men posibilite a la. Plan daksyon Gouvènè a pwo-aktivman limite posibilite pou yon epidemi moustik Aedes kòmanse transmèt Zika. Sezon moustik la fikse pou l kòmanse nan mwa Avril.

“Eta ap pran aksyon agresif pou redwi risk transmisyon Zika nan New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou mete anplas yon premye plan daksyon eta ki pral travay pou elimine Zika nan sous li, redwi posib transmisyon ak sovgade fanm ansent yo kont maladi danjere sa a. Eta ap kontwole sityasyon an depre, e lap kontinye travay avèk tout patnè yo pou pwoteje sante piblik la.”

Gouvènè a te anonse mezi sa yo jodia nan yon konferans laprès nan Vil New York. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Plan Daksyon Sis-Pwen NYS Zika disponib [sit la](http://sit la).

**Komisyone Sante Dr. Howard Zucker te deklare:** “Jiskaske nou aprann plis, pi bon fason pou anpeche mikwosefali se pou kenbe fanm ansent yo pou yo pa ekspoze a Zika pou yo pa vwayaje nan rejyon ki afekte yo, jiskaske yo itilize pwoteksyon pèsònèl

pou moustik, epi fè yon kontwòl moustik sou anviwonman an. Fanm ansent yo ta dwe egalman itilize kapòt oswa pratike abstinans pandan gwosès la si patnè a gen risk pou Zika.”

Zika se yon viris ki transmèt pa moustik prensipalman pa moustik *Aedes aegypti* nan Amerik di Sid ak Santral. Viris la ka transmèt tou seksyèlman. Byenke moustik *Aedes aegypti* pa prezan nan New York, yon espès ki sanble ke yo rele *Aedes albopictus* aktif nan pati sid eta. Syantis yo poko detèmine si *Aedes albopictus* – kalite ki nan New York – la transmèt Zika. Gen 70 diferan espès moustik nan Eta New York; moustik *Aedes* konpoze sèlman de twa ak senk pousan e li ka transmèt Zika. Sezon Moustik nan New York kòmanse apati Avril jiska Septanm.

Pi gwo danje ke moun ki gen Zika yo genyen se defòmasyon timoun nan nesans ke yo konnen tankou mikwosefali. Maladi sa rive lakay tibebe ke manman yo te enfekte avèk Viris Zika pandan gwosès la. Zika ka koze tou yon twoub ra ki rele sendwòm Guillain Barré, sa ki kapab koze yon paralizi tanporè. Óganizasyon Mondyal Sante deklare Zika kòm yon preyokipasyon entènasyonal ijans sante piblik nan mwa Fevriye.

Plan daksyon Gouvènè a fèt pou sible spesyalman kalite moustik aktif *Aedes* nan New York, sa ki gen yon dire lavi apeprè 3 semèn; rete nan 200 pye de kote li fèt, elve nan ti kontenè dlo pwòp; epi demontre abitud inik kap ede moustik *Aedes* evite pyèj moustik tradisyonèl yo.

## **Plan Daksyon Sis Etap Zika nan Eta New York**

*Gade yon kat sou plan rejyon ki sible a [la](#).*

### **1. Eliminate Zika nan Sous li**

Pou elimine sit elvaj moustik yo, eta ap distribye tablèt 100,000 larvicide toupatou nan rejyon ki sible a. Minisipalite lokal yo ansanm avèk pwoprietyè biznis yo ap gen responsabilite pou yo òganize jou netwayaj kap elimine komsadwa mas dlo ki fè depo. Rezidan yo ka mande tablèt la lè yo rele nan 1-888-364-4723. Yon tablèt larvicide dire de a twa mwa.

Moustik *Aedes* elve avèk dlo pwòp. Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo fè pati pa yo lè yo distribye tablèt larvicide nan kote dlo poze toutan, tankou po flè, epi retire sous dlo poze tout gwosè tankou ansyen kawotchou, jwèt timoun, kontenè an plastik e menm goutyè ki bouhe – espesyalman apre lapli.

### **2. Kontwòle agresivman moustik *Aedes* avèk pyèj ak tès spesyal**

Eta ap kontwòle agresivman popilasyon moustik la lè li deplwaye pyèj spesyal pou moustik pou l kolekte epi teste moustik yo nan rejyon an pou idantifye epi reponn a posib transmisyon Zika. Eta ap deplwaye pyèj nan 1,000 lokasyon pa mwa.

Laboratwa Wadsworth – te deja yon lidè nasyonal nan tès Zika – ap elaji kapasite tès li

pou akomode plis pyèj. Depatman Sante Eta ap teste 60,000 moustik Aedes pa mwa nan Wadsworth nan Albany.

### **3. Bay twous pwoteksyon Zika gratis pou fanm ansent yo**

Eta ap distribye twous pwoteksyon Zika gratis pou fanm ansent yo nan rejyon ki sible a. Twous pwoteksyon Zika gen ladan materyèl edikasyon, pwodui pou moustik, kapòt ak tablèt larvicide pou trete ma dlo ki poze. Yap distribye yon premye total 20,000 twous pou founisè swen sante yo toupatou nan rejyon an. Wap jwenn disponib yon foto kit pwoteksyon Zika ki disponib [isit la](#).

Twous pwoteksyon Zika konplete òf gratis eta pou teste tout fanm ansent yo ki te vwayaje pa twò lontan de sa nan yon peyi ki gen transmisyon aktif Zika oswa te fè sèks ki pa pwoteje avèk yon patnè ki te vwayaje pa twò lontan de sa nan yon peyi ki gen transmisyon aktif Zika. Gason yo ki fenk sot vwayaje nan yon zòn transmisyon aktif Zika e ki gen yon patnè ansent ta dwe itilize kapòt toutan epi kòrèkteman oswa absteni pou pa fè sèks pandan tout gwosès la.

Depatman Sante Eta ap kontinye ofri seminè sou entènèt pou founisè swen sante yo sou viris Zika ak swen pou fanm ansent yo ki gen posib ekspozisyon a Zika. Baze sou enfòmasyon kouran, enfeksyon avèk Zika nan nenpòt pwen nan gwosès la ka devlope yon tibebe ki gen risk. Efè nan ekspozisyon Zika nan diferan etap nan gwosès la sou mal-fòmasyon nan nesans lan pa koni.

### **4. Deplwaye ekip repons rapid kèlkeswa kote yo konfime transmisyon lokal la**

Eta ap deplwaye yon ekip repons rapid kèlkeswa kote yo konfime ke gen yon ka transmisyon Zika pa yon moustik Aedes. Ekip repons rapid la ap gen ladan otorite ki soti nan Depatman Sante, Depatman Konsèvasyon Anviwonman, ak Depatman Sekirite Enteryè ak Jesyon Sèvis Ijans pou enspekte zòn awazinan yo, fè tretman adisyonèl epi devlope yon plan daksyon lokal.

### **5. Pibliye règleman ijans ki mande plan kontwòl lokal Zika lè yo fin konfime Zika**

Komisyone DOH ap pibliye règleman ijans ki egzije pou tout depatman sante lokal yo soumèt plan daksyon Zika avèk pwotokòl ki ajou pou pyeje, teste ak kontwòle.

### **6. Lanse kanpay Sansibilizasyon agresif Piblik**

Yon gwo kanpay sansibilizasyon piblik ap sible Nouyòkè yo nan eta, ansanm avèk vwayajè entènasyonal ki soti nan zòn yo ki afekte pa Zika.

Kanpay sansibilizasyon piblik la gen ladan:

- Afich nan Plizyè-lang, bwochi ak fèy enfòmasyon pou edike vwayajè yo sou Zika;
- Liy èd Enfòmasyon Zika: 1-888-364-4723; ak

- Yon sitwèb ki dedye pou Viris Zika: <http://ny.gov/Zika>.

Pou garanti ke vwayajè yo pran prekosyon ki nesèsè pou pwoteje tèt yo kont Zika, eta ap travay avèk ayewopò nan rejyon ki sible yo ak nan Eta New York pou distribye mateyèl ak difize anons sèvis piblik pou pasaje yo.

### **Pwoteje tèt ou kont kout dan moustik**

Kout dan moustik gen posibilite pou transmèt maladi yo, tankou Viris West Nile.

Lè wap soti deyò, ou ta dwe pwoteje tèt ou ansanm avèk fanmi w kont kout dan moustik mete rad ki gen manch long ak chemiz epi itilize yon pwodui moustik ki anrejistre.

Si ou te vwayaje nan yon peyi kote yo te transmèt Zika epi ou te eksperimnate sentòm, ou ta dwe konsilte founisè swen sante w pou jwenn tès pou viris Zika.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418